

MAJAS PERBANDINGAN SAJRONE ANTOLOGI GEGURITAN TRUNTUM GUMELAR ANGITANE PARA PANGGURIT MUDHA

Yogi Wahyu Sampurno

S-1 Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa) Fakultas Basa lan Seni Universitas Negeri Surabaya
yogisampurno16020114037@mhs.unesa.ac.id

Pembimbing

Prof. Dr. Hj. Darni, M.Hum.

Dhosen Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa) Fakultas Basa lan Seni Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Antologi geguritan *Truntum Gumelar* yaiku salah sawijine wadhadah saka para panggurit mudha kanggo miwiti nulis karya sastra mligine geguritan.. Kanggo nemtokake *style* para panggurit mudha sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar* bisa lumantar majas *perbandingan*. Saka saperangan jinise majas *perbandingan* bakal dipilih telung jinis kang dirasa paling onjo, pamilihe jinise majas kasebut uga supaya nggampangake anggone nemtokake *style*. Mula perkara kang bakal dirembug sajrone panliten iki yaiku (1) Kepriye majas *perbandingan* gayut karo personifikasi sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*, (2) Kepriye majas *perbandingan* gayut karo simile sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*, (3) Kepriye majas *perbandingan* gayut karo alegori sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*. Ancas saka panliten iki yaiku njlentrehake majas *perbandingan* personifikasi, simile, lan alegori sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*.

Panliten iki kalebu panilten kualitatif lan nggunakake pamarekan Stilistika. Sumber dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku 54 geguritan sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar* anggitane para panggurit mudha. Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku tetembungan sajrone geguritan ing antologi geguritan *Truntum Gumelar* anggitane para panggurit mudha kang kapilih. Kanggo ngumpulake dhata sajrone panliten iki nggunakake telung tatacara yaiku maca, nyeteh, lan nginventarisasi. Lan anggone nganalisis dhata kang wis ana yaiku kanthi nggayutake tetembungan kang dimaksud karo tema lan jangkepe isi saka geguritan kasebut.

Asil saka panliten kang wis ditindakake nuduhake yen para panggurit mudha sering banget nggunakake majas *perbandingan* mligine kang gayut karo telung jinise majas kasebut yaiku personifikasi, simile, lan alegori. Saka 54 geguritan ana 38 geguritan kang nuduhake panganggone majas *perbandingan*. 42 geguritan kasebut yaiku 4 geguritan nggunakake personifikasi, 12 geguritan nggunakake simile, lan 22 geguritan kang nggunakake alegori. adhedhasar dhata kasebut majas *perbandingan* gayut karo alegori dadi majas kang paling onjo saka telung jinis majas kasebut. Bisri Nuryadi lan Endar Fajar Ramadhan minangka pangripta kang paling sering nggunakake majas *perbandingan* gayut karo alegori.

Tembung wigati: Personifikasi, Simile, Alegori.

MAJAS PERBANDINGAN DALAM ANTOLOGI GEGURITAN TRUNTUM GUMELAR KARYA PARA PENULIS MUDA: PENDEKATAN STILISTIKA

ABSTRAK

Antologi geguritan *Truntum Gumelar* adalah salah satu wadah dan media bagi para penulis muda untuk memulai menulis karya sastra terutama puisi. Bab tersebut yang menjadikan alasan untuk mengetahui *style* dari para penulis muda dalam antologi geguritan *Truntum Gumelar*. Untuk menentukan *style* dari para penulis muda dalam antologi geguritan *Truntum Gumelar* dapat melalui majas *perbandingan*. Maka permasalahan yang akan dibahas dalam

penelitian ini adalah (1) Bagaimana makna majas *perbandingan* personifikasi dalam antologi geguritan *Truntum Gumelar*, (2) Bagaimana makna *perbandingan* simile dalam antologi geguritan *Truntum Gumelar*, (3) Bagaimana makna majas perbandingan alegori sajrone dalam geguritan *Truntum Gumelar*. Tujuan penelitian ini yaitu menjelaskan majas perbandingan personifikasi, simile, dan alegori dalam *antologi geguritan Truntum Gumelar*.

Penelitian ini termasuk dalam penelitian kualitatif dan menggunakan pendekatan stilistika. Sumber data yang digunakan adalah 54 puisi dalam *antologi geguritan Truntum Gumelar* karya para sastrawan muda. Data yang digunakan adalah kata atau kalimat dalam puisi di *antologi geguritan Truntum Gumelar*. Untuk mengumpulkan data dalam penelitian menggunakan cara membaca, mencatat, dan menginventarisasi. Dan dalam menganalisis data yang sudah ada yaitu dengan menghubungkan kata dengan tema dan isi dari puisi tersebut.

Hasil dari penelitian ini yaitu dapat diketahui jika para penulis muda sudah bisa menciptakan karya yang indah. Dan dari hasil tersebut dapat diketahui jika para penulis muda sering menggunakan majas perbandingan terutama personifikasi, simile, dan alegori. Dari 54 puisi terdapat 38 puisi yang menggunakan majas perbandingan. 42 puisi tersebut yaitu 4 puisi menggunakan personifikasi, 12 puisi menggunakan simile, dan 22 puisi menggunakan alegori. Berdasarkan data tersebut, majas perbandingan alegori menjadi majas yang paling sering dan dominan dari tiga jenis majas tersebut. Bisri Nuryadi dan Endar Fajar Ramadhan merupakan penulis yang paling sering menggunakan majas perbandingan alegori.

Kata Kunci: Majas, Personifikasi, Simile, Alegori.

PURWAKA

Karya sastra mujudake asil pangrasane pangripta kang diandharake lumantar tulisan utawa lisan. Karya sastra minangka gambaran uripe manungsa ing bebrayan. Saliyane nggambaran panguripan ing bebrayan karya sastra uga minangka piranti lan medhia pangripta kanggo nggambaran, njlentrehake, lan ngandharake pangrasane pangripta. Isi karya sastra uga mujudake pengalaman kang dialami dening pangripta. Pengalaman kasebut bisa saka pengalaman pribadi utawa pengalaman saka wong sakiwa-tengene. Hudson (sajrone Tarigan 2009:10) ngandharake yen karya sastra minangka panjlentrehan baku saka prastawa sing wis dialami lan disawabg dening manungsa sajrone bebaryan. Karya sastra ngandhut sipat imajinatif, andharan kasebut adhedhasar nalika karya sastra diripta, pangripta nggunakake pamikiran sing imajinatif kanggo ngasilake nilai kaendahan sajrone karya kasebut.

Basa minangka unsur pamangun kang paling utama sajrone karya sastra (Nurgiyantoro, 2010:272). Mula tanpa anane basa karya sastra ora bakal bisa diripta. Fungsi saka basa yaiku piranti kanggo komunikasi ing bebrayan. Lan sajrone karya sastra basa uga minangka

sarana kanggo ngandharake makusd saka pangripta. Mula bisa disebutake yen karya sastra lan basa nduweni sesambungan kang ora bisa dipisahake. Mula gayut karo kango kaandharake sadurunge, pamilihane basa sajrone karya sastra kudu digatekake kanthi tenanan supaya karya sastra kasebut bisa nduweni nilai estetik, imajinatif lan ora nangti ngilangake maksud utama kang dikarepake dening pangripta. Sastra jawa minangka karya sastra kang paling tuwa ana ing Nuswantara (Subaidah, 2013:22). Adhedhasar basa kang digunakake, sastra Jawa diperang dadi papat yaiku sastra jawa kuna, sastra jawa pertengahan, sastra jawa baru lan kang pungkasen yaiku sastra jawa modern. Sastra jawa modern yaiku sastra jawa kang ngrembaka ing tengah-tengahe masyarakat jawa ing jaman saiki (Darni, 2015:3-4).

Stilistika yaiku ilmu kang ngrembug ngenani gaya saka pangripta sajrone karya sastra. Kanggo nemtokake gaya saka pangripta bisa lumantar saperangan cara, salah sawijine kanthi nganalisis tetembungan kang ana ing sajrone karya sastra. Ratna (2011:236) ngandharake yen stilistika minangka ilmu kanggo ngonceki panganggone basa sajrone karya sastra kanthi nengenake nilai-nilai kaendahan. Teori kang bisa nyengkuyung anane panliten

stilistka lan ngonceki gaya saka pangripta bisa saka teori lelewaning basa. Lelewaning basa uga bisa diarani majas. Majas yaiku pamilye tembung kang kias lan trespajrone karya sastra kanggo nggambareake gagasan saka pangripta. Ratna (2008:164) ngandharake nalika ngrifta karya sastra pamilye tembung kasebut kudu nggatekake kahanan kang ana, kanthi maksud nduweni tema lan bisa menehi pangaribawa tumrap pamaca nganti bisa nuwuhake sipat kaendahan. Mula nalika nliti stilistika kang gegayutan karo lelewane basa prelu ilmu kang ngrembug ngenani tandha lan simbol kang diandhut sajrone ukara utawa tetembungan sajrone karya sastra kasebut. ilmu kasebut yaiku semiotik.

Saussure sajrone Ratna (2013:96-99) ngandharake yen semiotik digunakake kanggo nganalisis simbol kang munjerake ing saperangan tandha utawa simbol kang ngandhut sipat ikonik, simbolik lan indeksial. Sajrone nliti karya sastra, semiotik digunakake kanggo ngganti tetembungan supaya gampang dieling-eling lan nambahi unsur kaendahan sarta nggampangake pamaca mahami maksud saka pangripta. Salah sawijine karya sastra kang bisa ditiliti kanthi ilmu lan teori kasebut yaiku antologi geguritan.

Antologi geguritan yaiku kumpulan geguritan kang dianggit dening panggurit utawa kumpulan panggurit. Geguritan yaiku salah sawijine karya sastra jawa kang nduweni titikan khas tinimbang karya sastra liyane mligine cerkak lan novel. Geguritan diarani dadi salah sawijine karya sastra kang nduweni titikan khas amarga sajrone geguritan nggunakake basa kang ora umum digunakake nalika srawung ing bebrayan, nanging geguritan nggunakake basa rinengga. Panganggone basa iki sing dadi pambedane geguritan karo cerkak utawa novel. Mula sajrone geguritan mesthi ditemokake tetembungan kang ora umum digunakake ing pacathuran. Bab kasebut uga kawatas ing antologi geguritan kanthi irah-irahan *Truntum Gumelar*.

Antologi geguritan *Truntum Gumelar* yaiku salah sawijine antologi geguritan kang ngandhut geguritan kang dianggit dening para pangripta mudha. Tembung *Truntum* dipilih dadi irah-irahan amarga tembung kasebut

nduweni teges yaiku nom utawa nembe thukul. Tembung *truntum* nggambareake yen geguritan sing ana ing sajrone antologi geguritan iki anggitane para pangripta sing lagi miwiti nulis ing jagade kasusastran jawa. Ancas kang utama panerbitane antologi geguritan kasebut yaiku nuwuhake semangate para panggurit mudha kanggo ngrifta karya sastra mligine geguritan. Sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar* ana satus nem panggurit lan saben-saben panggurit nyethakake guritane telu, dadi cacahe geguritan sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar* kurang luwih ana telung-atus wolulas. *Pelopor* kasil nglumpukake para pangripta mudha lan ndadekake atusan geguritan kasebut dadi buku kang apik yaiku Komunitas Bala Jawa lan Komunitas Sastra Rupa kang ana ing Yogyakarta.

Pamilye antologi geguritan *Truntum Gumelar* minangka objek panilten yaiku sing kapisan amarga antologi geguritan *Truntum Gumelar* durung ana kang nliti, mligine kanggo skripsi ing jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah Universitas Negeri Surabaya. Kang kapindho yaiku pangripta saka geguritan sajrone antologi kasebut kagolong pangripta kang isih miwiti nulis ing jagade kasusatran jawa. Mula antologi geguritan iki dikira nduweni saperangan bab kang manjila lan mirungan kang digambarake lumantar pamilye tembung sajrone geguritan anggitane panggurit mudha. Faktor liya sing narik kawigaten lan njalari antologi geguritan kasebut didipilih dadi objek yaiku umur, *pergaulan*, lan kahanane jaman saiki saengga diajab nduweni pengaruh tumrap basa kang dipilih lan digawe dening para panggurit sajrone karya geguritan.

Antologi Geguritan *Truntum Gumelar* bakal ditliti kanthi tintingan stilistika. Kanggo nemtokake gaya sajrone antologi geguritan kasebut bakal nggunakake lelewane basa utawa majas. Umume majas kaperang dadi papat lan salah sawijine yaiku majas *perbandingan*. Majas *perbandingan* yaiku majas kang mbandhingake sawijine bab karo bab liyane (Tarigan, 2013:7). Majas *perbandingan* bakal dadi bab kang ditengenake sajrone panliten iki mligine majas *perbandingan* personifikasi, simile, lan alegori. Pamilye telung jinis majas kasebut

yaiku adhedhasar jinis majas kang paling onjo, saliyane alasan kasebut pamilihe telung jinis kasebut supaya luwih nggampangake lan luwih nengenake anggone nemtokake style saka para panggurit mudha.

Adhedhasar lelandhesane panliten kasebut, perkara kang bakal dirembug sajrone panliten iki ana telu yaiku

(1) Kepriye makna majas *perbandingan* personifikasi sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*, (2) Kepriye makna majas *perbandingan* simile sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*, lan (3) Kepriye makna majas *perbandingan* alegori sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*. Lan ancas saka panliten iki yaiku ngandharake makna majas *perbandingan* personifikasi sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*, ngandharake makna majas *perbandingan* simile sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*, ngandharake makna majas *perbandingan* alegori sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*. Saka panliten iki diajab bisa nuwuahake saperangan paedah kayata nambahi kawruh ngenani majas *perbandingan* wiwit pangerten nganti menehi tuladha lan mbedhakake karo majas liyane.

METODHE PANLITEN

Panliten iki bakal ditindakake kanthi nggunakake ancanan panliten dheskriptif kualitatif. Alasane amarga panliten iki merlokake dhesripsi kang cetha lan ngandhut lelandhesan kang kuwat sarta ngemot andharan ngenani objek bisa nyengkuyung panliten iki. Saliyane alasan kasebut, panganggone dheskriptif kualitatif amarga dhata kang bakal digunakake kanggo mangsuli underane panliten iki yaiku dhata kang wujude tetembungan sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*.

Sumber dhata minangka perangan kang kudu digatekake ing sajrone panliten. Panliten bisa lumaku amarga anane sumber dhata lan dhata. Saka dhata kasebut bakal nuwuahake wangsulan. Sumber dhata yaiku subjek asale dhata kang dikumpulake (Arikunto:172). Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku 54 geguritan sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar* anggitane para remaja. Cacahe sumber dhata kasebut dijupuk saka

318 geguritan kang ana sajrone antologi geguritan kasebut. Pamilihe 54 geguritan kang dipilih minangka sumber dhata yaiku dipilih adhedhasar tema kang paling onjo, tema kasebut yaiku katresnan marang wong sing ditresnani (Lanang marang wadon utawa wadon marang lanang).

Dhata yaiku sumber kawruh kang dipilih kanggo dianalisis. Dhata kaperang dadi loro, yaiku (1) dhata primer lan (2) dhata sekunder. Dhata primer sajrone panliten iki yaiku awujud ukara lan tembung sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar* anggitane para panggurit mudha kang dilarasake karo underane panliten kanggo nemtokake majas *perbandingan* sajrone 54 guritan kang wis kapilih. Dhata primer kang wis ana ngenani majas *perbandingan* yaiku majas *perbandingan* personifikasi, majas *perbandingan* simile, lan majas *perbandingan* alegori.

Dhata sekunder yaiku dhata kang diolehi kanthi cara ora langsung utawa lumantar objek liya, nanging isih sambung saka kategori kang dadi rujukan (Siswantoro, 2010:71). Dhata sekunder ing panliten iki yaiku saperangan kawruh kang jumbuh karo kang dibutuhake dening panliti tumrap bab kang dijupuk minangka objek panliten, yaiku makna pralambang kang dumunung ing sosial budaya Jawa.

Instrumen minangka piranti panyengkuyung lumakune panliten. Pangerten liya ngandharake yen instrumen panliten yaiku piranti kanggo ngumpulake dhata sajrone panliten (Siswantoro, 2010:73). Mula sajrone panliten iki, instrumen kang digunakake yaiku:

- 1) Panliti yaiku pawongan kang nindakake panliten kasebut. Panliti minangka instrumen paling utama amarga sing paling ngerti ngenani perkara sing diangkat sajrone panliten.
- 2) Laptop minangka salah siji piranti kang digawe nggarap dhata kang nduweni wujud tembung utawa ukara sajrone sumber dhata.
- 3) Buku catetan kanggo nulis bab-bab kang diperlokake lan dirasa penting kanggo nindakake panliten. Buku catetan iki minangka instrumen panyengkuyung sajrone panliten iki.

Tatacara nindakake panliten wiwit proses kang kapisan nganti ngasilake dudutan ana telung tatacara panliten yaiku tatacara panglumpuke dhata, panjlentrehe dhata, lan nyuguuhake dhata. Luwih cethane bisa kawawas saka andharan ing ngisor iki.

Tatacara ngumpulake dhata sajrone panliten iki ditindakake kanthi nggunakake metodhe sumber dhata *primer* yaiku geguritan sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*. Tatacarane kanggo ngumpulake dhata panliten yaiku kanthi cara:

1) Maca

Maca minangka tatacara kang kapisan kang ditindakake nalika ngumpulake dhata. Miturut Hodgson sajrone Tarigan (2008:7) ngandharake yen maca minangka proses kang ditindakake pamaca kanggo ngolehake maksud kang dikarepake dening pangripta lumantar basa sajrone medhia tulis. Sajrone panliten iki tatacara maca kang digunakake yaiku tatacara maca kanthi tliti. Upaya kasebut ditindakake kanthi ancas supaya panliti bisa ngolehake dhata sing dikarepake.

2) Nyatet

Kegiatan kapindho yaiku nyatet. Tahap iki ditindakake nalika panliti nemu tetembungan kang dirasa nduweni gegayutan karo apa kang dikarepake yaiku sing gandhut majas *perbandingan*. Tatacara iki ditindakake kanthi ancas kanggo nggampangake panliti nalika nganalisis dhata.

3) Nginventarisasi

Tahap kang pungkasan kang ditindakake nalika ngumpulake dhata yaiku nginventarisasi utawa ndhaftar asile panemu sing wujude tembung kang nduweni gegayutan karo majas *perbandingan*.

Panjlentrehane dhata sajrone panliten iki luwih nengenake menyang jlentrehan ngenani makna sajrone majas *perbandingan* ing geguritan kang ditemokake. Mula ing panliten iki, dhata kang wis kapilih bakal dijlentrehake kanthi cara ndheskripsikake. Banjur dhata kang wis dipilih banjur dijlentrehake adhedhasar underane panliten yaiku makna majas *perbandingan* personifikasi, simile, lan alegori. Dhata kang wis dijlentrehake banjur dijupuk dudutane lan disusun kanthi

sistematis. Pungkasane dhata kasebut didhokumentasikake kanthi wujud laporan panliten kang disebut skripsi lan artikel.

Tatacara nulis asile panliten sajrone panliten iki yaiku kanthi ngandharake asil panjlentrehan dhata kang wis ditemokake sajrone antologi geguritan kasebut lan diselarasake karo underane panliten yaiku makna majas *perbandingan* personifikasi, simile, lan alegori sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*.

Kaya kang wis kaandharake ana ing bab sadurunge, panliten iki bakal diandharake lan disusun kanthi sistematis. Jangkepe kaya ing ngisor iki:

- 1) Purwaka : Ngandharake lelandhesane panliten, underane panliten, ancase panliten, lan teori kang digunakake sajrone nindakake panliten.
- 2) Metodhe : Ngandharake metodhe panliten kang ngemu sub bab ing antarane ancanan panliten, sumber dhata, instrument panliten, tatacara pangumpule dhata, lan tatacara panjlentrehe dhata, lan tatacara nulis asile panliten.
- 4) Andharan : Ngandharake andharan lan jlentrehane dhata kang selaras karo underane panliten.
- 5) Panutup : Ngandharake dudutan lan pamrayoga saka sakabehe andharan asiling panliten.

KAPUSTAKAN : Ngandharake lan nuduhake buku utawa sumber-sumber kang digawe kanggo nyengkuyung panliten bab stilistika

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Adhedhasar dhata kang ditemokake sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*, ana telung jinis majas *perbandingan* sajrone geguritan kang dipilih dadi underane panliten. Telung jinis majas *perbandingan* kang bakal diandharake yaiku (1) Makna Majas *Perbandingan* personifikasi, (2) Makna Majas *Perbandingan* simile, lan (3) Makna Majas *Perbandingan* alegori sajrone antologi

geguritan *Truntum Gumelar* anggitane para panggurit mudha.

1. Majas *Perbandingan Personifikasi* ing Antologi Geguritan *Truntum Gumelar*

Pangerten majas *perbandingan* personifikasi sing kapisan diandharake dening Keraf (2010:444), miturute Keraf porsinifikasi yaiku majas *perbandingan* kang digunakake kanggo barang mati nanging digambarake nduweni sipat lan tumindak kaya manungsa. Pangerten liyane kang selaras ngandharake yen personifikasi yaiku majas kang nduweni panganggep yen barang mati nduweni nyawa utawa urip (Ratna, 2013:444). Mula bisa ditegesi yen majas *perbandingan* personifikasi minangka majas *perbandingan* kang digunakake kanggo ngandharake kanthi cara ndadekake barang kang ora nduweni nyawa nanging kaya-kaya nduweni daya kayadene manungsa. Majas *perbandingan* personifikasi iki salah sawijine jinise majas perbandingan kang digunakake kanggo nemtokake *style* para panggurit mudha sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*.

1.1 Personifikasi Gayut Karo Alam

Personifikasi gayut karo alam yaiku majas *perbandingan* kang digunakake kanggo ngandharake kanthi cara ngandharake kanthi ndadekake barang kang ora nduweni nyawa nanging kaya-kaya nduweni daya kayadene manungsa kanggo nggamarake salah sawijine kahanan lumantar gegambaran saka alam.

Geguritan kapisan yaiku geguritan kanthi irah-irahan *Kaalang Alang-alang* anggitane Serdaniar Ita Dhamina. Sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar* Serdaniar ngumpulake telung geguritan yaiku geguritan *Mangkat*, *Plataran*, lan *Kaalang Alang-alang*. Saka telung geguritan kasebut kang ngandhut majas *perbandingan* personifikasi kang gayut karo alam yaiku geguritan *Kaalang Alang-alang*. Cethane bisa kawwas sajrone pethikan ing ngisor iki.

- (1) Sumilire angin ngancik pepucuking gegodhongan
Lakune ngayun lir ombak samodra
Ngrembyah-ngrembyah angrambah
Nuju papan tan kena karanggeh
(KAA/Kc.254/gtr.1-4)

Tetembungan sajrone pethikan kasebut kang nuduhake panganggone majas *perbandingan* personifikasi yaiku tembung *ngayun*. Tembung *ngayun* bisa ditegesi kegiyatan kang nggunakake tangan kanggo tumuju menyang sawijine panggonan. Yen diawas saka tembung linggane tembung *ngayun* dumadi saka tembung *ayun* kang nduweni teges arep. Pangripta nggamarake tumindak *ngayun* kasebut lumantar *sumilire angin*. Bab iki bisa kawwas sajrone pethikan *sumilire angin ngancik pepucuking gegodhongan*. Tembung kang bisa nyengkuyung pethikan kasebut kalebu ing pethikan kang nggunakake personifikasi yaiku tembung *lakune*. Sajrone pethikan kasebut pangripta nggamarake kang diayun dening sumilire angin yaiku banyu segara nganti angin kasebut bisa ngasilake ombak ing samodra.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa dimangertenieni yen pangripta nuduhake marang pamaca yen tembung *sumilire angin* nduweni makna laku kang njalari tuwuhe rasa sedhih saka paraga sajrone geguritan kasebut. Sejatine yen diawas saka pethikan (1) kasebut durung bisa dijupuk dudutane yen tembung kasebut nduweni makna tumindak sing njalari tuwuhe rasa sedhih, nanging yen diawas saka jangkepe geguritan mligine ing pethikan *tresnaku semplah*, *tresna iki kalah*, *tresna kang kapisah* bisa dadi bukti penyengkuyung yen tumindak kang digambarake dening pangripta lumantar pethikan kasebut yaiku tumindak sing njalari tuwuhe rasa sedhih. Tembung *ngayun* uga digambarake dening pangripta padha karo ombak samudra sing ngrembyah tumuju menyang papan sing ora bisa dituju. Ukara kasebut nuduhake yen tumindak sing wis dilakoni ora cetha dunungane lan ora nduweni ancas sing jelas.

1.2 Personifikasi Gayut Karo Rasa

Personifikasi gayut karo rasa yaiku majas *perbandingan* kang digunakake kanggo ngandharake kanthi cara ndadekake barang kang ora nduweni nyawa nanging kaya-kaya nduweni daya kayadene manungsa, ancas panganggone majas kasebut yaiku kanggo nggamarake salah sawijine kahanan lumantar gegambaran saka rasa.

Geguritan kang nuduhake panganggone majas *perbandingan* personifikasi gayut karo rasa yaiku geguritan anggitane Sinarindra Krisnawan kanthi irah-irahan *Tresna Salah Mangsa*. Sinarindra sajrone geguritan iki ngandharake lan nuduhake marang pamaca ngenani salah sawijine tresna kang tulus. Miturute pangripta tresna kang tulus yaiku tresna kang lila nindakake apa wae lan nrima apa anane kanggo nyawijekake tresna kang dirasa, bab kasebut kagambar lumantar geguritan iki.

Tetembungan minangka unsur pamangun sajrone geguritan kasebut ana ukara kang nuduhake panganggone majas *perbandingan* personifikasi. Cethane bisa kawawas sajrone pethikan ing ngisor iki.

(4) Aku lumebu ing tlatah cengkarmu
Mbopong kenceng rasa kangen
Embuhan kapan bakal tumiba
Apa mesthi mbarengi tekane udan salah mangsa?
(TSM/Kc.263/Pd.1/gtr.1-4)

Pethikan (4) nuduhake panganggone majas *perbandingan* personifikasi. Tembung kang prelu ditengenake ana ing pethikan kasebut yaiku tembung *tumiba*. *Tumiba* asale saka tembung lingga *tiba*. *Tiba* ing bausastra nduweni teges saka ing papan sing dhuwur lumarap mangisor. Umume tembung *tiba* digunakake kanggo manungsa, nanging sajrone pethikan geguritan kasebut tembung *tumiba* dialami dening *rasa kangen*. Andharan kasebut bisa kawawas sajrone pethikan *mbopong kenceng rasa kangen*.

Adhedhasar andharan kasebut pangripta nuduhake marang pamaca ngenani rasa kangene paraga, rasa kapang iki digambarake kanthi gegambaran panganti-antine paraga ngenani wektu bisane rasa kapang kasebut bisa diatasi. Panganti-anti kasebut bisa diawas saka pethikan *embuh kapan bakal tumiba*. Senadyan pethikan kasebut nuduhake anane rasa panganti-anti nanging wose makna kang onjo saka pethikan kasebut yaiku rasa kapang amarga rasa panganti-anti kasebut dijalari saka rasa kapange paraga.

2. Majas *Perbandingan Simile* ing Antologi Geguritan Truntum Gumelar

Simile bisa uga diarani majas *perbandingan* kang ora langsung. Simile bisa ditegesi majas perbandhingan kang ngandharake perbandhingan kang asipat ora langsung kanthi nggunakake tetembungan minangka, kaya, kayata, lsp. (Keraf 2010:38). Kanggo nemtokake *style* para panggurit mudha sajrone *Truntum Gumelar* salah sawijine yaiku liwat majas *perbandingan* arupa simile kang dibuktekake kanthi pethikan-pethikan dhata kang dianggep selaras karo titikane simile. Cethane bisa diawas saka pethikan-pethikan kang diperang miturut makna lan maksud saka pangripta ing ngisor iki.

2.1 Simile Gayut karo Kahanan

Majas simile kang ana sajrone antologi geguritan yaiku simile kang gayut karo kahanan. Adhedhasar makna lan maksud pangripta perangane majas *perbandingan* simile sajrone geguritan ing antologi geguritan *Truntum Gumelar* sing kapisan yaiku majas *perbandingan* simile gegayutan karo kahanan. Simile yaiku majas kanggo nguntapake kanthi nggunakake perbandhingan *eksplisit* kang dinyatakan kanthi tembung wiwit lan tembung panyambung kayata *kaya*, *kayata*, *upama*, *misale*, lan liya-liyane (Keraf 2010:38).

Simile gegayutan karo kahanan yaiku majas kang nggunakake tembung *perbandingan* kanthi nggunakake tetembungan minangka, kaya, kayata, lsp kanggo nggambarake salah sawijine kahanan. Perangane majas *perbandingan* simile kang gegayutan karo kahanan yaiku ana lima yaiku gegayutan karo kahanan kapang, gegayutan karo kahanan panganti-anti, gegayutan karo kahanan bungah, gegayutan karo kahanan pasrah, lan gegayutan karo kahanan sedhih. Cethane bisa kawawas sajrone andharan ing ngisor iki.

2.1.1 Kahanan Kapang

Simile gayut karo kahanan kapang yaiku majas kang nggunakake tembung *perbandingan* kanthi nggunakake tetembungan minangka, kaya, kayata, lsp kanggo ngandharake kahanan kapang sajrone geguritan ing antologi geguritan *Truntum Gumelar*. Cethane kaandharake lumantar pethikan-pethikan ing ngisor iki.

Geguritan kang nuduhake panganggone majas *perbandingan* simile kang kapisan yaiku geguritan kanthi irah-irahan *Bingung* sajrone antologi ge guritan *Truntum Gumelar*. Guritan *Bingung* minangka asil reriptane Ari Hermawan Saputra. Saka irah-irahan yaiku *Bingung*, bisa ditegesi kuwur atine ora mangerti apa kang bakal dilakoni. Saka panjlentrehan teges irah-irahan kasebut makna kang kinandut sajrone geguritan kasebut yaiku gegambaran rasa bingung ngenani apa sing kudu ditindakake kanggo ngrampungake rasa bingung. Rasa bingung kasebut yaiku rasa kang dijalari saka rasa kangen amarga adoh saka pawongan kang ditresnani.

(5) Kangen iki gawe bingung ngungun

Kaya-kaya sedina dadi setaun
Apa iki kang diarani lagi tresna
Yen nora nyawang bisa gawe lara

(B/Kc.35/Pd.3/gtr1-4)

Pethikan (5) kasebut nuduhake panganggone majas *perbandingan* simile. Tembung *kaya* kang dadi titikane majas simile disebutake dening panggurit ing ukara *Kaya-kaya sedina dadi setaun*. Yen diawas kanthi tintingane simile pethikan ukara kasebut kalebu simile lan uga nuduhake anane *perbandingan*. Kang dibandhingake ana ing kene yaiku wektu. Ukara *Kaya-kaya sedina dadi setaun* mbandhingake wektu sedina karo wektu setaun. Perbandhingan kang digawe dening pangripta krasa adoh lan adoh banget. Amarga setaun yen diitung kanthi dina ana telungatus suwidak dina.

Adhedhasar andharan kasebut pangripta nuduhake marang pamaca rasa kang bisa dialami dening wong kang lagi nandang asmara yaiku rasa kangen utawa ing basa jawa biasa disebutake rasa kapang. Ancase pangripta nggunakake perbandhingan kasebut supaya pamaca bisa mbayangake abote rasane wong kangen. Pangripta nggamarake suwene wong sing lagi kangen lan kepengine nyawang wong sing ditresnani senadyan oleh sedina nanging rasane kaya ngliwati wektu sing suwine setaun.

Geguritan kapindho yaiku geguritan anggitane M. Ali Ridwan sing kapindho sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar* yaiku geguritan kanthi irah-irahan *Nggoleki Sliramu*. Geguritan iki dianggep beda dhewe

karo geguritan-geguritan liya sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar* amarga ana ing ngisore irah-irahan ditulis salah sawijine jeneng kang ngandharake yen geguritan kasebut ditujokake kanggo jeneng kang dimaksud, jenenge yaiku Fitri. Selaras karo irah-irahane, isi geguritan kasebut yaiku ngandharake rasa kangen amarga wis suwi ora ketemu karo wong kang ditresnani sing ora liya yaiku Fitri. Tetembungan kang mbangun geguritan iki kanthi dadi geguritan kang utuh ana salah sawijine tembung kang nuduhake panganggone majas *perbandingan* simile. Cethane kaya kang kaandharake ana ing ngisor iki.

(6) Sliramu ning ndi wae?

Saklebatan katon
Nuwuhake greget tumandang
Kaya bedhug tinabuh seling-selingan

(NS/Kc.176/gtr.1-4)

Adhedhasar pethikan kasebut, ukara kang nuduhake panganggone majas *perbandingan* simile yaiku ukara *kaya bedhug tinabuh seling-selingan*. Tembung kang prelu ditengenake sajrone pethikan kasebut yaiku *bedhug*. *Bedhug* ing bausastra tegese tetabuhan sing awujud saem utawa teteg gedhe digunakake kanggo tengara wayah sembahyang ing mesjid. Pethikan *kaya bedhug tinabuh seling-selingan* nduweni teges yaiku salah sawijine kagiyatan kang ora ajeg.

Adhedhasar andharan kasebut pangripta nuduhake marang pamaca ngenani anane rasa kang diuntapake sajrone pethikan (6) kasebut. Rasa kasebut yaiku kapange pangripta marang wong sing ditresnani sing ora liya yaiku Fitri (wis disebutake ing geguritan). Yen digayutake karo isi jangkepe geguritan, pethikan *kaya bedhug tinabuh seling-selingan* nggamarake rasa greget ing njero pangangene pangripta. Rasa iki tuwuhanik pangripta nyawang Fitri. Perbandhingan kang dituduhake dening pangripta yaiku antarane rasa rasane pangripta karo bedhug kang tinabuh kanthi tempo selang-seling.

2.1.2 Kahanan Panganti-anti

Simile gegayutan karo kahanan panganti-atni yaiku majas kang nggunakake tembung *perbandingan* kanthi nggunakake tetembungan minangka, kaya, kayata, lsp kanggo ngandharake kahanan panganti-anti sajrone

geguritan ing antologi geguritan *Truntum Gumelar*. Cethane kaandharake lumantar pethikan-pethikan ing ngisor iki.

Geguritan kang nuduhake panganggone majas *perbandingan* simile gayut karo kahanan panganti-anti yaiku geguritan kanthi irah-irahan *Muput* anggitane Bisri Nuryadi. Geguritan iki ngandharake rasa nggumun paraga utama sajrone geguritan. Pethikan kang nuduhake panganggone majas *perbandingan* simile kaandharake ana ing ngisor iki.

(8)Wus daksangka,

Yen aku lan slirane beda
Bab rembug utawa prekara
Nanging ora dadi ngapa,
Mbokmenawa beda bisa nyawiji
Kaya dene sambel marang gereh teri
(M/Kc.64/gtr.13-18)

Pethikan (8) nuduhake panganggone majas *perbandingan* simile sing gegayutan karo kahanan panganti-anti. Kang prelu ditengenake saka pethikan kasebut yaiku ukara *sambel* lan *gereh teri*. *Sambel* tegese lelawuhan kang digawe saka lombok lan ditambah bumbu sing werna-werni. *Gereh* nduweni teges lelawuhan kang awujud iwak goreng sing rasane asin sing digawe saka teri. Rong jinise lelawuhan kasebut minangka lelawuhan kang beda yen diawas saka bahan nganti cara nggawene. Nanging upama dadi siji ing piring bisa dadi pasangan lawuh kang enak banget.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur pethikan *kaya dene sambel marang gereh teri* nduweni makna yen dheweke lan wong kang ditresnani ora padha saka saperangan bab lan perkara, nanging senadyan beda paraga yakin isih bisa sesandhingan lan lumantar hubungan kasebut bakal nuwuhake kabagan kaya dene sambel karo gereh teri kang nuwuhake rasa enak nalika dipangan..

Teges liya kang tuwuhan saka pethikan *kaya dene sambel marang gereh teri* yaiku paraga nduweni pangarep yen nyawijine rasa antarane paraga karo wong sing ditresnani kasebut bakal nuwuhake kasampurnan kanggo uripe dhewe, uripe wong sing ditresnani, lan liyaliyan. Yen diawas saka pethikan kasebut, sambel minangka panganan sing bisa ngadeg dhewe lan gereh

teri uga wis enak nalika dipangan tanpa anane lelawuhan liya, nanging yen sambel kasebut disandhingake karo gereh teri bakal ngasilake rasa sing enak banget. Semana uga apa sing dirasakake paraga yen sejatine bisa urip dhewe-dhewe tanpa nyawijkake rasa, nanging yen dheweke bisa sesandhingan bakal nuwuhake rasa bungah lan kabagan uga bisa menehi paedah tumrap wong liya ing sakiwa-tengene.

2.1.3 Kahanan Bungah

Simile gegayutan karo kahanan bungah yaiku majas kang nggunakake tembung *perbandingan* kanthi nggunakake tetembungan minangka, kaya, kayata, lsp kanggo ngandharake kahanan bungah ding digambarake dening pangripta sajrone geguritan ing antologi geguritan *Truntum Gumelar*. Cethane kaandharake lumantar pethikan-pethikan ing ngisor iki.

Geguritan kang nuduhake pananggone majas simile gayut karo kahanan bungah yaiku geguritan kanthi irah-irahan *Esem Winadi* anggitane Voluntiri Azis. *Esem Winadi* dumadi saka tembung *esem* lan *winadi*. *Esem* nduweni teges guyu sing mung katon semu lan *winadi* saka tembung *wadi* sing tegese kang sejati. Rong tembung kasebut yen digayutake bisa nuwuhake teges esem kang sejati. *Esem Winadi* yaiku irah-irahan saka salah sawijine geguritan sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar* saka telung geguritan kang dianggit dening Indriyani Voluntiri Azis. Sajrone geguritan karo ngandharake rasa sing tuwuhan amarga eseme wong sing ditresnani iki ngandhut tetembungan sing nggunakake majas *perbandingan* simile. Cethane kaya pethikan kang kaandharake ing ngisor iki.

(12)Saben weruh esemmu

Rasanne kadya karujit-rujit jemparing sewu
Saben weruh esemmu
Rasane kadya tekan dhuwure langit pitu
(EW/Kc.148/gtr.1-4)

Selaras karo andharan sadurunge, sajrone geguritan *Esem Winadi* ngandhut tetembungan sing nuduhake panganggone majas *perbandingan* simile yaiku pethikan *rasane kadya karujit-rujit jemparing sewu* lan *rasane kadya tekan dhuwure langit pitu*. Yen diawas saka titikane simile, tembung kang kalebu majas kasebut yaiku

tembung *kadya* dasanama saka tembung *kaya*. Saka rong pethikan kasebut, kang didadekake pambandhing dening pangripta yaiku rasa saka paraga sajrone geguritan kasebut. Pethikan kapisan yaiku tembung *rasa* karo *karujit-rujut jemparing sewu*. Jemparing sajrone bausastra nduweni teges panah. Dadi tembung *jemparing sewu* nduweni teges panah sewu.

Adhedhasar pethikan (12) kasebut pangripta nggambarake rasa sing dirasakake paraga utama nalika ngerti esemme wong kango ditresnani. Umume wong sing lagi nandang asmara mesthi ngrasakake rasa bungah. Mula rasa seneng banget kasebut bisa njalari dhadha ndhredheg kenceng kaya-kaya kena panah. Pangripta ngajak pamaca kanggo melu ngrasakake rasa sing dirasakake paraga nalika nandang asmara lumantar panggambaran kasebut.

Pethikan kapindho sajrone pethikan (12) sing nuduhake panganggone majas *perbandingan* simile yaiku *rasane kadya tekan dhuwure langit pitu*. Kang dibandhingake dening pangripta sajrone pethikan kasebut yaiku *rasa* karo *dhuwure langit pitu*. Adhedhasar andharan kasaebut pangripta nuduhake marang pamaca panganggone ukara *dhuwure langit pitu* kanggo nggambarake dhuwure rasa bungahe paraga utama nalika ngerti esemme wong sing ditresnani. Lumrah yen manungsa nalika ngerti eseme wong sing ditresnani ditujokake menyang awakdhewe bakal nuwuake rasa bungah. Pangripta nggambarake yen rasa bungah kang dialami dening paraga kasebut yen diukur dhuwure bakal nganti tekan langit.

2.1.4 Kahanan Pasrah

Simile gegayutan karo kahanan pasrah yaiku jinise majas *perbandingan* kang nggunakake tembung *perbandingan* kanthi nggunakake tetembungan minangka, kaya, kayata, lsp kanggo ngandharake kahanan pasrah kang dikarepake dening pangripta sajrone geguritan ing antologi geguritan *Truntum Gumelar*. Cethane kaandharake lumantar pethikan-pethikan ing ngisor iki.

Geguritan kang nuduhake panganggone majas *perbandingan* simile gayut karo kahanan pasrah yaiku

geguritan *Cuthel Kemruwel* anggitane Sukma Satriani Rihadini Putri. *Cuthel* tegese entek utawa tamat lan *kemruwel* nuduhake sawijine kahanan sing ruwet sarta ora tumata. Geguritan iki ngandharake rasa lara ati kang dialami dening paraga amarga wong sing ditresnani wis kerep nggawe atine paraga tatu. Panganggone majas *perbandingan* simile kang gayut karo kahanan pasrah kaya kang kaandharake ana ing ngisor iki.

(15)Aku iki ibarat kaya carang garing

Kabuwang ana ngendi

Wis ora penting

Ora penting kanggomu

Ora penting sapa sejatine aku

(CK/Kc.282/gtr.9-13)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake panganggone majas *perbandingan* simile sing digunakake kanggo ngandharake kahanan pasrah. Tembung sing kalebu ing titikane simile yaiku tembung *kaya*. Kanggo pambandhing sajrone pethikan kasebut pangripta nggunakake tembung *carang garing*. *Carang* sajrone bausastra tegese pang pring utawa mawa pang sing ukurane cilik akeh tumrap suruh, pukis. Lan *garing* tegese ora teles. Mula yen tembung *carang* karo *garing* digayutake bisa nuwuake teges carang sing ora teles utawa carang sing *garing*. Carang bisa *garing* umume disebabake ora ana banyu sing nelesi.

Adhedhasar pethikan kasebut pangripta nggunakake tembung *carang garing* kanggo nggambarake kahanan paraga *aku*. Gegambaran kasebut digunakake kanggo nggambarake kahanan saka *aku*. Panganggone tembung kasebut yaiku kanggo nuduhake marang pamaca rasa nelangsane paraga *aku* amarga saperangan sebab. Sajrone geguritan CK sing njalari tuwuhe rasa nelangsana saka *aku* yaiku tumidak lan omongan sing ora kepenak saka wong sing ditresnani dening paraga *aku*. Andharan sing bisa nyengkuyung andharan kasebut yaiku pethikan *lan rasa wis kena tatu lan tetembunganmu kasar, luwhi pedhes tinimbang preman pasar*.

Adhedhasar pethikan (15) kasebut pangripta nuduhake marang pamaca ngenani rasa pasrahe paraga *aku* amarga wis ora sanggup ngladeni wong sing ditresnani. Andharan iki disengkuyung pethikan

kabuwang ana ngendi, wis ora penting, ora penting kanggomu, ora penting sapa sejatine aku. Pethikan kasebut nuduhake rasa pasrahe *aku* nganti ngandharake yen *aku* minangka wong sing ora penting kanggo uripe dheweke.

3. Majas Perbandingan Alegori ing Antologi Geguritan Truntum Gumelar

Keraf (2010:140) ngandharake yen majas *perbandingan* alegori yaiku sawijine ukara utawa paragrap kang singkat lan ngandhut makna kias. Sajrone majas *perbandingan* alegori tetembungan kang digunakake asipat abstrak. Majas *perbandingan* kanthi jinis alegori iki uga digunakake kanggo nemtokake *style* para panggurit mudha sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*. Pethikan-pethikan sing kaandharake ana ing ngisor iki bakal nuduhake panganggone majas alegori sajrone ukara-ukara ing geguritan kasebut. Cethane bisa diawas saka pethikan-pethikan ing ngisor iki.

3.1 Alegori Gayut karo Kahanan

Alegori kang gayut karo kahanan yaiku sawijine ukara utawa paragrap kang singkat lan ngandhut makna kias kanggo nggamarake salah sawijine kahanan. Sajrone majas *perbandingan* alegori tetembungan kang digunakake asipat abstrak lan ancas panganggone kudu tersurat. Majas *perbandingan* kanthi jinis alegori kang gayut karo kahanan iki uga digunakake kanggo nemtokake *style* para panggurit mudha sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*. Pethikan-pethikan kang kaandharake ana ing ngisor iki bakal nuduhake panganggone majas alegori kang gayut karo kahanan sajrone ukara-ukara ing geguritan kasebut. Cethane bisa diawas saka perangan-perangan ing ngisor iki.

3.1.1 Kahanan Sedhih

Alegori kang gayut karo kahanan sedhih yaiku sawijine ukara utawa paragrap kang singkat lan ngandhut makna kias kanggo nggamarake salah sawijine kahanan sing sedhih. Cethane kaya kang kaandharake ana sajrone pethikan-pethikan ing ngisor iki.

Geguritan kang nggamarake panganggone majas alegori gayut karo kahanan sedhih yaiku geguritan anggitane Sadewo Maneges kanthi irah-irahan *Dhuh*.

Sajrone bausastra *Dhuh* nduweni teges tembung sabawa nelakake lara, ngesah, sedhih, lsp. Utawa sabawa kanggo sarana amrih nggatekake. Kawawas saka teges kasebut bisa dimangertenii yen geguritan kasebut nggamarake kahanan kang ora sedhih lan trenyuh. Cethane panganggone alegori kang gayut karo kahanan sedhih bisa kawawas sajrone pethikan sing kaandharake ing ngisor iki.

(24)*Dhuh sekar melathi
Sajroning impenku nelahi
Geguritan tresna kang muspra
Kapang kang lumuntur bareng ilineng wayah*
(Dh/Kc.244/Pd.1/gtr.1-4)

Diawas saka pethikan (24) kasebut tetembungan kang nuduhake panganggone alegori kang digunakake kanggo nggamarake salah sawijine kahanan kang gayut karo kahanan sedhih yaiku *Dhuh sekar melathi*. Ing jagad kasusastran jawa kerep banget ditemokake pangripta kang nggunakake panyebut *sekar* kanggo nggamarake wong kang ditresnani. *Sekar* sajrone bausastra tegese kembang utawa tembang. *Melathi* minangka jinise kembang. Yen digayutake rong tetembungan kasebut bakal nuuhake makna wong wadon kang nduweni pasuryan kang endah utawa ayu lan wangi.

Adhedhasar pethikan ing ndhuwur pangripta nuduhake marang pamaca ngenani panganggone majas *perbandingan* alegori sing digunakake kanggo nggamarake salah sawijine kahanan sedhih. Kahanan kasebut bisa kawawas saka pethikan *geguritan tresna kang muspra*. Pethikan kasebut ngasilake makna yen geguritan kasebut ditulis kanthi ancas ngungkapake rasa kang dirasakake dening paraga amarga tresna sing ora ketampa.

Pethikan kang nggamarake salah sawijine kahanan kang sedhih yaiku pethikan *Kapang kang lumuntur bareng ilineng wayah*. Pethikan kasebut nuuhake teges yen kapange paraga luntur bareng karo lumakune wektu. Lunture kapang kasebut dijalari amarga tresna sing ora kewales. Kahanan kang kagambar kasebut yaiku kahanan sedhih amarga rasa kangen kang mesthi dialami dening manungsa sing lagi nandang tresna luntur amarga

tresnane ora kewales. Lunture rasa tresna dijalari rasa kuciwane paraga lan sedhihe paraga amarga tresnani ora ditampa.

3.1.2 Kahanan Bingung

Alegori kang gayut karo kahanan bingung yaiku sawijine ukara utawa paragrap kang singkat lan ngandhut makna kias kanggo nggamarake salah sawijine kahanan bingung. Sajrone majas *perbandingan* alegori tetembungan kang digawe kudu asipat abstrak lan ancas panganggone kudu tersurat. Cethane kaya kang kaandharake ana sajrone pethikan-pethikan ing ngisor iki.

Saliyane geguritan *Dakpendhem* Aryn Dwi Handayani uga ngripta geguritan liya sing ora kalah endah tetembungan. Geguritan kasebut nduweni irah-irahan *Ambigu*, selaras karo irah-irahan kasebut sajrone geguritan *Ambigu* Aryn nyritakake perkara kang ana gayutane karo rasa tresna sing mbingungi. Tetembungan sajrone geguritan kasebut ana sing nuduhake panganggone majas *perbandingan* alegori kang gayut karo kahanan bingung, cethane kaya kang kaandharake ing ngisor iki.

(26)Kembang sajroning taman

Tansah nengsemake ati

Langiting katresnan uga wus katon gawe mendhunge

Nanging, apa kang kudu ditegesi?

Yen mendhung wae durung bisa dadi udan

Yen gludhug wae durung mesthi nggawa udan
Semana uga katresnan

(A/Kc.44/Pd.2-3/gtr.1-4, gtr.1-3)

Pethikan (26) ing ndhuwur nuduhake panganggone majas *perbandingan* alegori gayut karo kahanan bingung. Pethikan *kembang sajroning taman, tansah nengsemake ati* yen ditegesi kanthi langsung bakal nuwuhake teges tetuwuhan kang awujud kembang sajrone taman sing bisa nuwuhake rasa bungahlan tentrem. Nanging yen diawas saka maksud sing dikarepake dening pangripta, pethikan kasebut bakal nuwuhake teges sing beda. *Kembang* bisa ditegesi wong sing nduweni pasuryan kang ayu lan endahe ngalah-ngalahi kembang nganti bisa nengsemake ati.

Pethikan sing kapindho yaiku *langiting katresnan uga wus katon gawe mendhunge*. *Mendhunge* dumadi

saka tembung *mendhung*. *Mendhung* nduweni teges mega ireng sing nuduhake yen arepe udan. Tembung sing kudu dimangerteni sajrone pethikan kasebut yaiku *langiting katresnan*, tembung iki nduweni makna ambane rasa tresna ing njero ati. Anane tembung *Langiting katresnan* sejatiné kanggo nyengkuyung tembung *mendhung* sing wis kajlentrehake ana ing ndhuwur. Lumantar pethikan kasebut pangripta nggamarake rasa tresna sing saya gedhe nanging durung cetha yen mitraparaga uga nduweni rasa tresna kang padha apa ora. Pethikan *yen mendhung wae durung bisa dadi udan* lan *yen dlughug wae durung mesthi nggawa udan* nuwuhake makna yen apa wae sing katon lan wis ditindakake dening mitraparaga durung mesthi nduweni maksud kang samestine. Adhedhasar andharan kasebut pangripta nggamarake yen mitraparaga nindakake tumindak kang kita senengi utawa males apa kang kita tindakake, nanging kabeh durung mesthi yen nduweni rasa sing padha.

Adhedhasar andharan kasebut pangripta nuduhake marang pamaca ngenani rasa bingung kang dialami dening paraga. Rasa bingung kasebut gayut karo tresna sing dirasakake dening mitraparaga. Paraga sing kesengsem marang mitraparaga banjur nuwuhake rasa tresna ing atine, semana uga mitraparaga sing kaya-kaya uga nduweni rasa kang padha. Nanging ing salah sawijine wektu ana kedadeyan sing nuwuhake rasa bimbang lan bingung ing atine paraga. Mula pethikan kasebut bisa kalebu ing panganggone majas *perbandingan* alegori kang gayut karo kahanan bingung.

3.1.3 Kahanan Pasrah

Alegori kang gayut karo kahanan pasrah yaiku sawijine ukara utawa paragrap kang singkat lan ngandhut makna kias kanggo nggamarake salah sawijine kahanan pasrah. Sajrone majas *perbandingan* alegori tetembungan kang digunakake asipat abstrak. Cethane kaya kang kaandharake ana sajrone pethikan-pethikan ing ngisor iki.

Panganggone majas *perbandingan* alegori kang gayut karo kahanan pasrah bisa ditemokake ana sajrone geguritan anggitane Bisri Nuryadi kang nduweni irah-irahan *Lila*. Geguritan iki ngandharake rasa tresna kang

gedhe banget saka paraga marang wong kang ditresnani. Rasa tresna kasebut bisa kawawas saka tumindak kang kagambar lumantar tembung-tembung sajrone geguritan Cethane kaya kang kaandharake sajrone pethikan ing ngisor iki.

(27) Kinira uripku bakal ketekan pati

Aku lila
Kinira dalanku wus cuthel
Kepedhot pesthi
Aku uga lila
Lilaku nampa antebing gunung
Kang jugrug saka lathimu
Nemahi watu krikil abang prasasat arit kang tembe pinandhe
Aku tan bakal oncat, cah ayu
(L/Kc.62/gtr.1-9)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake panganggone majas perbandingan alegori kang gayut karo kahanan pasrah. Kapisan bisa diawwas saka pethikan *lilaku nampa antebing gunung*. Tembung *antebing gunung* bisa kalebu ing majas *perbandingan* alegori. *Anteb* nduweni teges abot banget lan gunung nduweni teges redi utawa pepunthuk sing gedhe lan dhuwur. Dadi *antebing gunung* bisa dimaknani abot banget nganti bobote ngalah-ngalahi bobote gunung. Yen diawwas saka maksud sing pengin diandharake dening pangripta tembung kasebut bisa makili lara kang dijalari saka omongan kang metu saka lathi wong sing ditresnani.

Tembung sabanjure kang nuduhake aleogra yaiku jugrug. Jugrug miturute bausastra nduweni ambrol. Nanging ana ing pethikan kasebut jugrug bisa ditegesi metu, jangkepe ukara *kang jugrug saka lathimu* nduweni teges kang metu saka omongan saka mitra paraga utawa wong sing ditresnani paraga *aku* sajrone geguritan. Pethikan kasebut yen digayutake karo andharan sadurunge yaiku tegese pethikan *lulaku nampa antebing gunung* bisa nuwuhake teges lilane paraga utama nrima wangslane mitra paraga senadyan ora padha kaya kang dikarepake lan nuwuhake rasa lara. Adhedhasar andharan kasebut pangripta nuduhake marang pamaca ngenani pasrahe paraga *aku* marang kabeh tumindak saka mitra paraga. Pasrah kasebut dijalari amarga gedhene rasa tresna paraga *aku* marang mitra paraga. Yen diawwas saka pethikan (27), ora mung omongan sing kurang

kepenak saka mitra paraga sing bisa ditampa nanging paraga *aku* uga lila senadyan rasa tresna kasebut ora nemoni dalan. Pangripta uga ngandharake yen senadyan rasa tresna kasebut dadi alesane tekane pati paraga *aku* lila.

3.1.4 Kahanan Bungah

Alegori kang gayut karo kahanan bungah yaiku sawijine ukara utawa paragrap kang singkat lan ngandhut makna kias kanggo nggamarake salah sawijine kahanan kang bungah. Sajrone majas *perbandingan* alegori tetembungan kang digunakake asipat abstrak lan ancas panganggone kudu tersurat. Cethane kaya kang kaandharake ana sajrone pethikan-pethikan ing ngisor iki.

Geguritan kang nuduhake panganggone majas kasebut yaiku geguritan anggitane Bisri Nuryadi kanthi irah-irahan *Muput*. Jangkepe geguritan iki ngandharake rasa nggumun lan kesengseme paraga utama sajrone geguritan marang wong kang ditresnani. Senadyan ora ketemu langsung lan mung saka *social media* nanging rasa tresna kasebut tuwuhan ing atine. Pethikan kang nuduhake panganggone majas *perbandingan* alegori kaandharake ana ing ngisor iki.

(29) Setaun iki uga,
Komputerku thukul gegodhongan
Pentil lan kembang mekrok seger
Ngebaki papan *twitter*
Ukarane ngoceh ngganter

(M/Kc.64/gtr.7-11)

Pethikan (29) kasebut nuduhake panganggone majas *perbandingan* alegori kang gayut karo kahanan bungah. Pethikan kasebut yaiku *komputerku thukul gegodhongan* lan *pentil lan kembang mekrok seger*. Tembung kang prelu ditegesi kanthi jeru yaiku thukul *gegodhongan*, *pentil*, lan *kembang*. *Gegodhongan* dumadi saka tembung lingga *godhong* kang nduweni teges peranganing wit-witan awujud lemaraan ijo mawa gagang. *Pentil* tegese woh sing isih cilik. Lan *kembang* nduweni teges bebakaling woh lumrahe mawa lembaran, sung sari, bakal woh, sarta endah warnane. Sejatine *gegodhongan*, *pentil*, lan *kembang* minangka perangan saka wit-witan.

Adhedhasar andharan kasebut pangripta nuduhake marang pamaca ngenani rasa bungahe *aku* nalika amarga

nandang asmara. Yen digayutake karo jangkepe geguritan, telung perangan saka wit-witan kasebut bisa dimaknani rasa tresna kang njalari tuwuhe rasa bungah, rasa nggumun, lan rasa tentrem wayah nandang asmara. Pamihi tetembungan sing gayut karo kembang kasebut amarga kembang nduweni wujud kang endah lan wangi, mula nuwuhake rasa seneng nalika nyawang. Sajrone geguritan kasebut *gegodhongan*, *pentil*, lan *kembang* digambarake dening pangripta bisa thukul saka komputer, andharan kasebut sejatine nuwuhake maksud yen potopo mitraparaga sajrone *social media* njalari tuwuhe rasa tresna lan rasa bungah tumrap atine paraga utama.

3.1.5 Kahanan Panganti-anti

Alegori kang gayut karo kahanan panganti-anti yaiku sawijine ukara utawa paragrap kang singkat lan ngandhut makna kias kanggo nggamarake salah sawijine kahanan kang panganti-anti. Sajrone majas *perbandingan* alegori tetembungan kang digunakake asipat abstrak. Cethane kaya kang kaandharake ana sajrone pethikan-pethikan ing ngisor iki.

Geguritan kang nuduhake majas kasebut yaiku geguritan *Lintang Katresnan*. *Lintang Katresnan* minangka salah sawijine geguritan saka telung geguritan anggitane Juni Riyanti kang dimot sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*. Isi saka geguritan iki yaiku ngandharake rasa tresnane paraga sajrone geguritan marang wong kang ditresnani. Yen diawas saka tetembungan sajrone geguritan kasebut sejatine nduweni ancas kanggo nuwuhake kapitayane wong sing ditresnani tumrap rasa tresnane paraga. Saka tetembungan sing mbangun geguritan kasebut nganti dadi karya sing endah, ana tetembungan kang nuduhake panganggone alegori sing gayut karo kahanan panganti-anti. Cethane bisa kawawas sajrone pethikan kang kaandharake ana ing ngisor iki.

(36)Keprananku mring sliramu wus nganti ngawang-awang
Kidhung kinasih kang ndaktembangke
Saben awan, saben wengi
Nganti-anti lintang katresnan
(LK/Kc.162/Pd.2/gtr.1-4)

Pethikan (36) ing ndhuwur kasebut nuduhake panganggone majas *perbandingan* alegori sing gayut karo kahanan panganti-anti. Tembung kasebut yaiku *keprananku* lan *ngawang-awang*. *Keprananku* dumadi saka tembung *kepranan* sing nduweni teges kekenan utawa atine. Tembung *kepranan* uga dumadi saka tembung lingga *prana* kang sing tegese ambegan. Nanging yen digayutake karo pethikan *keprananku mring sliramu wus nganti ngawang-awang* tembung *keprananku* nduweni teges kang pas yaiku atiku.

Tembung sing kapindho kang gegayutan karo pethikan tembung ing ndhuwur yaiku *ngawang-awang*. Tembung *ngawang-awang* sing bisa kalebu ing panganggone majas *perbandingan* alegori sajrone pethikan kasebut. Ngawang-awang bisa ditegesi menyang utawa ngambah ing awang-awang. Adhedhasar jlentrehan saka rong tembung kasebut, pangripta nggunakake tembung *ngawang-awang* kanggo nggamarake rasa tresnane paraga marang wong sing ditresnani nemen banget nganti yen diukur dhuwure rasa tresna bisa nganti awang-awang.

Adhedhasar andharan kasebut pangripta nuduhake marang pamaca ngenani panganggone majas *perbandingan* alegori sing gayut karo kahanan panganti-anti kang digunakake kanggo nggamarake rasa atine paraga nalika nandang tresna. Pethikan (36) nyritakake wong kang lagi nandang tresna. Saben-saben ambegan sing metu saka pamikire mung ana wong sing ditresnani. Ing saben wayah, esuk nganti bengi mung pasuryane wong sing ditresnani sing ana ing wewayangane. Lan saben-saben wayah sing dianti-anti mung rasa tresna kang padha saka wong sing ditresnani.

3.1.6 Kahanan Sengit

Alegori kang gayut karo kahanan sengit yaiku sawijine ukara utawa paragrap kang singkat lan ngandhut makna kias kanggo nggamarake salah sawijine kahanan sengit. Sajrone majas *perbandingan* alegori tetembungan kang digunakake asipat abstrak lan ancas panganggone kudu tersurat. Cethane kaya kang kaandharake ana sajrone pethikan-pethikan ing ngisor iki.

Geguritan sing nuduhake panganggone majas kasebut yaiku geguritan anggitane Endar Fajar Ramadhan sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar* kang nduweni irah-irahan *Guritku*. Geguritan iki sejatine ngandharake lara atine paraga utama amarga dicidrani mitraparaga. Sajrone tetembungan sing dadi pambangun geguritan kasebut ana tetembungan kang nuduhake panganggone majas *perbandingan* alegori. Cethane kaya kang kaandharake ing ngisor iki.

(36)Iki gurit lungit,
Daktulis nalika atiku rinujit
Iki gurit lungit,
Daktulis nalika ati lagi sengit

Iki gurit lungit,
Dakanggit nalika atiku ngigit-igit
Iki gurit lungit,
Dak anggit nalika aku lagi nandang sakit
(G/Kc.96/Pd.1/gtr.1-4)

Pethikan kasebut nuduhake panganggone majas *perbandingan* alegori kang gayut karo kahanan sengit. Tembung kasebut yaiku *rinujit* sing nduweni tembung lingga *rujit*. Sajrone Bausastra tembung *rujit* tegese pating sluwir sing digunakake kanggo kembang. Sajrone pethikan kasebut pangripta nggunakake tembung *rinujit* kanggo nggamarake ati sing lagi susah utawa ora karukaruan amarga dicidrani mitraparaga.

Tembung kapindho kang nggamarake kahanan sengit yaiku tembung *sengit* sajrone pethikan *Daktulis nalika ati lagi sengit*. *Sengit* sajrone bausastra nduweni teges ora ngresepake (njalari mangkel) tumrap watak utawa tetembungan. Adhedhasar andharan kasebut pangripta nuduhake marang pamaca yen paraga utama nalika nulis geguritane dibarengi rasa sengit sing dijalari saka tumindak utawa tetembungane wong sing ditresnani.

3.2 Alegori Gayut karo Manungsa

Alegori kang gayut karo manungsa yaiku sawijine ukara utawa paragrap kang singkat lan ngandhut makna kias kanggo nggamarake manungsa. Sajrone majas *perbandingan* alegori tetembungan kang digunakake asipat abstrak lan ancas panganggone kudu tersurat. Majas *perbandingan* kanthi jinis alegori kang gayut karo manungsa iki uga digunakake kanggo nemtokake *style* para panggurit mudha sajrone antologi geguritan *Truntum*

Gumelar. Pethikan-pethikan kang kaandharake ana ing ngisor iki bakal nuduhake panganggone majas alegori kang gayut karo manungsa sajrone ukara-ukara ing geguritan kasebut. Cethane bisa diwawas saka pethikan-pethikan ing ngisor iki.

Geguritan kang nuduhake panganggone majas *perbandingan* alegori gayut karo manungsa yaiku geguritan anggitane Elis Novianty kanthi irah-irahan *Dheweke*. Geguritan kasebut ngandharake salah sawijine asmara kang nduweni perkara yaiku anane wong katelu. Cethane panganggone majas *perbandingan* alegori ing geguritan kasebut kaandharake sajrone pethikan ing ngisor iki.

(41)Ing antarane Tulungagung lan Surabaya
Ana kutha Kertosono
Ing antarane oyod lan kembang mawar
Ana eri landhep kang tumancep ing pang
(Dhe/Kc.90/Pd.1/gtr1-4)

Pethikan (41) kasebut nuduhake panganggone majas *perbandingan* alegori. Ukara kapisan sing nuduhake panganggone majas alegori yaiku *Ing antarane Tulungagung lan Surabaya, Ana kutha Kertosono*. Senadyan sejatine ora dadi saukara nanging ukara *ana kutha Kertosono* minangka sambungan saka ukara *ing antarane Tulungagung lan Surabaya*. Telung tembung kang kudu digatekake sajrone ukara kasebut yaiku *Tulungagung, Surabaya, lan Kertosono*. Telung tembung kasebut kalebu tembung sing nuduhake panggonan utawa kutha ing Jawa Timur. Nanging sajrone geguritan *Dheweke* bisa ditegesi yen *Tulungagung* minangka pralambang saka paraga utama utawa *aku*. *Surabaya* minangka pralambang saka mitra paraga utawa *siarmu* yaiku wong kang ditresnani dening paraga utama. Lan *Kertosono* minangka pralambang saka *dheweke* yaiku wong katelu kang ana ing hubungan asmarane paraga utama lan mitraparaga.

Saliyane jenenge kutha kanggo nggamarake anane wong katelu sajrone geguritan *Dheweke* pangripta uga nggunakake saperangan tembung kang gegayutan karo bab kembang. Kaya kang kaandharake ing pethikan kasebut kembang sing dimaksud yaiku *Kembang Mawar*. Gegambaran paraga utama utawa *aku*, mitraparaga utawa

sajrone geguritan kang disebut *sliramu*, lan wong katelu utawa *dheweke* pangripta nggunakake tembung *oyod*, *kembang mawar*, lan *eri landhep*. *Oyod* dadi pralambang saka *aku*, kembang *mawar* dadi pralambang saka *sliramu* utawa mitraparaga, lan *eri landhep* minangka pralambang saka *dheweke*. Yen digayutake karo isi saka geguritan kasebut pangripta sengaja nggunakake tembung *eri landhep* kanggo wong katelu amarga wong kasebut dipercaya bisa nuwuhake rasa lara tumrap atine paraga utama. Amarga posisine ana ing tengah-tengah antarane paraga utama karo mitra paraga.

Adhedhasar andharan kasebut pangripta nuduhake marang pamaca ngenani panganggone majas *perbandingan* alegori kanggo nggamarake salah sawijine pawongan kang ana ing antarane paraga utama karo mitra paraga kang ditresnani. Cetha banget ana ing irah-irahan, tembung *dheweke* nuduhake tembung ganti kanggo wong katelu. Saka tembung kasebut uga wis bisa dimangertenin yen wong katelu kasebut minangka wong sing ana ing hubungan antarane paraga karo mitra paraga sing ditresnani.

PANUTUP

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa dijupuk dudutane yen majas *perbandingan* personifikasi, simile, lan alegori yaiku jinis majas *perbandingan* kang paling onjo sajrone antologi geguritan *Truntum Gumelar*. Andharan kasebut kabuki saka 54 geguritan kang kapilih ana 38 geguritan kang nggunakake telung jinis majas *perbandingan* kasebut. Saka telung jinis majas kasebut kang paling onjo yaiku panganggone majas *perbandingan* alegori. Geguritan kang nggunakake alegori yaiku ana 21 geguritan.

Adhedhasar 21 geguritan sing wis dianalisis kasebut ditemokake loro panggurit kang asring banget nggunakake majas *perbandingan* alegori kanggo nggamarake salah sawijine kahanan. Panggurit sing kapisan yaiku Endar Fajar Ramadhan, panggurit kang lair ana Trenggalek lan minangka mahasiswa saka jurusan PBSD Unesa iki kaitung ana rong geguritan kang nggunakake majas *perbandingan* alegori kanggo

nggamarake kahanan yaiku geguritan *Guritku* lan nggamarake manungsa *Wiwitane*. Panggurit kapindho yaiku Bisri Nuryadi. Sajrone bab andharan kaitung ana rong dhata kang asale saka geguritan anggitane Bisri Nuryadi. Sing kapisan yaiku dhata kang nggamarake kahanan pasrah sajrone geguritan *Lila* lan sing kapindho yaiku geguritan *Muput* kang nggamabrate kahanan bungah.

ATUR PISUNGSUNG

Puja-puji pangastuti tansah konjuk dumateng gusti kang maha kuwaos, Shalawat saha salam mugi tansah pinaringan dumateng Nabi Muhammad SAW. Ingkang setunggal kula aturaken matur nembah nuwun dumateng (Alm) Ayah Gatot, Ibu Endang, lan Dhenistya amergi sampaun paring welas asih kang kebak tanpa winates, matur nuwun sampaun maringi warisan kang luwih saking menapa kemawon inggih menika nyekolahaken kula ngantos sarjana. Kaping kalih kula aturaken matur nembah nuwun kagem sedaya guru kula, Bapak-ibu dhosen PBSD ingkang sampaun paring kawruh dumateng kula. Matur nembah nuwun malih kagem Bapa Murdiyanto, Bapa Bambang, lan BapaBapa Latif ingkang sampaun nguji kula. Kagem Ibu Darni ugi kula aturaken matur nembah nuwun lan pangapunten ingkang kathah amergi sampaun sabar nalika paring bimbingan dhateng kula.

Matur nuwun wis kanca-kanca angkatan 2016 matur nuwun, mligine kanca-kanca kelas 2016-B sing wis padha ndhukung lan nyemangati kancane supaya bisa ndang ngrampungna kuliahe. Sing pungkasan matur nuwun kanggo Maulani Yulita sing wis menehi dhukungan lan minangka pemicu semangat nalika kuliah lan skripsi supaya bisa lulus bareng kanggo nglanjutake impen kang luwih dhuwur maneh. Matur nuwun wis dadi panggonan kanggo sambat nalika pikiran ora karuan.

KAPUSTAKAN

Aminuddin. 1995. *Stilistika Pengantar Memahami Bahasa dalam Karya Sastra*. Semarang: IKIP Semarang Press.

- Darni, 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa Modern Kajian New Historicism (Sebuah Kritik Sastra)*. Surabaya: Unesa University Press.Ratna, Nyoman Kutha. 2016.
- Stilistika Pengkajian Pustaka Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta. Pustaka Belajar.
- Hutomo, Suripan Sardi. 1975. *Telaah Kasusastran Jawa Modern*. Surabaya. Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Jawa, Tim Bala. 2019. *Antologi Geguritan Truntum Gumelar*. Yogyakarta. Interlude.
- Keraf, Gorys.2010. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta. PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta. Gajahmada University Press.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2011. *Prinsip-prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Pradopo, Rahmat Djoko. 2012. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta. Gajahmada University Press.
- Santosa. 1990. *Ancangan Semiotika dan Pengkajian Susastra*. Bandung: Angkasa.
- Sari, Bakhtiar Nurmala. 2019. *Majas Alegori Sajrone Antologi Geguritan Kidung Lingsir Wengi Anggitane Suharmono Kasiyun*. Skripsi tidak diterbitkan.Surabaya. Universitas Negeri Surabaya.
- Siswantoro. 2010. *Metode Penelitian Sastra Analisis Struktur Puisi*. Yogyakarta: Penerbit Pustaka Pelajar.
- Teew, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta Pusat Jaya.
- Triningsih, Diah Erna. 2009. *Diksi (Pilihan Kata)*. Klaten. PT Intan Prawira.
- Tarigan, Henry Guntur. 2013. *Pengkajian Gaya Bahasa*. Bandung: Angkasa.
- Tarigan, Hensry Guntur. 2008. *Membaca sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.